

## Règleman Disiplinè pou Etidyan: **LEKÒL PIBLIK MATCH CHARTER**

### Entwodiksyon

Priyorite Lekòl Piblik Match Charter (“Match”) se asire sekirite tout etidyan epi founi chak etidyan opòtinite aprann san distraksyon e entèripsyon inesesè. Match gen atant wo nivo pou konpòtman etidyan yo, e li fè efò pou kreye epi prezève yon anviwònman sekirize e konsantre pou aprantisaj.

Anplwaye Match yo itilize yon vas seri estrateji pou ankouraje konpòtman pozitif e korije vyolasyon lwa e règleman Match yo. Anplwaye Match yo itilize ranfòsman pozitif chak fwa sa posib, e itilize divès estrateji pou konstui yon anviwònman aprantisaj pozitif.

Ofans disiplinè se vyolasyon lwa ak règleman Match yo. Etidyan yo kapab resevwa disiplin pou ofans yo komèt ki pwodui lè yon etidyan:

- nan lekòl la e/oswa sou lakou lekòl la;
- ap patisipe nan yon aktivite lekòl la patwosine;
- ap tann oswa ap monte nan transpò ki relasyon ak lekòl la;
- ap mache ale oswa vini, ap tann, oswa ap monte nan transpò pou ale oswa retounen sot lekòl oubyen yon aktivite lekòl la patwosine; oswa
- andeyò lekòl la kote konduit etidyan yo pote kòm rezilta deranjman sibstansyèl pou anviwònman eskolè a e popilasyon etidyan an.

Pou rezon dokiman sa, Direktè a nan chak lekòl oswa reprezantan Direktè a (“administratè ki responsab”) dwe fonksyone tankou direktè anba 603 CMR 53.00. Direktè Egzekitif oswa reprezantan Direktè Egzekitif a lan dwe fonksyone tankou sipèentandan nan objektif pou reyalizasyon odyans disiplinè etidyan yo anba 603 CMR 53.00. Jan l itilize nan dokiman sa, ekspresyon “paran” an dwe defini tankou yon papa, manman, oswa gadò legal etidyan, oswa moun oubyen ajans legal ki otorize pou aji nan non etidyan an nan plas oswa an kolaborasyon avèk papa a, manman an, oswa gadò legal.

Vyolasyon lwa e règleman Match yo kapab pote kòm rezilta konsekans disiplinè jan sa etabli nan dokiman sa a. Etidyan yo kapab soumèt a direktif e konsekans adisyonèl pa chak lekòl jan sa etabli nan Manyèl Etidyan e Fanmi lan. Nan ka kote gen yon kontradiksyon ant Règleman Disiplinè pou Etidyan sa a ak nenpòt lòt règleman, ansyen an ta dwe gen priyorite.

### Konpòtman ki Entèdi

Sa k vin ann aprè yo se egzanp konduit ki kapab okazyone disiplin, e sa enkli jiska sispansyon alon tèm. Etidyan yo ki envolikre nan nenpòt konpòtman ki vyole lwa ak règleman Match yo oswa otreman ki pa koyeran avèk yon anviwònman edikasyonèl apwopriye kapab tonbe anba aksyon disiplinè. Egzan yo enkli, men pa limite a sa sèlman:

- Nenpòt vyolasyon de Itilizasyon Règleman Akseptab la oswa plan Prevansyon Entimidasyon an, sa enkli entimidasyon sibènetik oswa nenpòt fòm asèlman sou entènèt, difamasyon, kalomni, vèni, bay kout lang, oswa menas
- Kontak fizik endezirab
- Nenpòt vyolasyon de Règleman sou Diskriminasyon e Asèlman ak/oswa Arasman Seksyèl/Tit IX Règleman, sa enkli asèlman seksyèl oswa rasyal
- Agresyon Vèbal

- Menas, alekri oswa vèbal, sou entènèt oswa san entènèt
- Vòl, sa enkli vòl komèt andeyò lakou lekòl la
- Vòlè oswa tantatif pou vòlè pwopriyete lekòl la
- Entwodiksyon, tankou antre oswa antre nan espas pèsònèl yon anplwaye san pèmisyon eksplisit anplwaye a
- Grafiti (ekri sou mi), defigirasyon, vandalism oswa andomaje lokal yo oswa sa ki anndan lokal yo
- Vyolasyon Règleman sou Fimen an
- Kite edifis lekòl la san pèmisyon
- Entèfere ak itilizasyon apwopriye ekipman ijans lekòl la, sa enkli, men li pa limite a sa, alam dife, detektè dife, awozè, kamera sekirite, oswa ekstengtè dife
- Absanteyis (absan san rezon valab)
- Koze oswa tantatif pou koze domaj a pwopriyete lekòl la
- Aksyon ekstrèm ki montre mank respè, tankou entimidasyon, asèlman, lekòl ble (brimad), krache sou moun, oswa lakoz domaj fizik a lòt moun
- Goumen
- Posesyon, itilizasyon, distribisyon oswa ekspozisyon dwòg, alkòl oswa marigwana
- Vyolasyon nenpòt lòt lwa oswa règleman

### **Konsekans yo**

Match ap chèche diminye nan yon manyèr dinamik kantite ranvwa deyò klas akòz disiplin epi amelyore angajman etidyan an ak siksè akademik. Pou rive fè sa, Match pral kolabore avèk divès aksyonè pou konsidere ak mete annèw yon seri modèl nan tout lekòl la pou angaje ak re-angaje etidyan yo nan pwosesis aprantisaj la ki gen ladan, men pa sèlman, modèl entèvansyon konpòtmantal ki pozitif ak soutyen, ak modèl aprantisaj ki pran twomatis yo an konsiderasyon. Match pral byen fòme pèsònèl yo tou epi kontwòle mizannèw yo pou asire modèl sa yo ak estrateji sa yo bay rezilta li vle yo

Mankman disiplinè yo lakoz konsekans ki rete nan diskresyon administratè responsab la e sa ka gen ladan pran yon poz sou klas la, poz ak tout konsyans pou kalme epi redemare, netwaye yon salte ou fè (si mankman an anrapò ak domaj sou pwopriyete lekòl la), pèt privilèj lekòl la (tan pou sosyalizasyon, sòti eskolè), eskiz aloral oswa alekri pou sa ki te pase a, demerit, repo, detèminasyon, sèvis lekòl la, ak pou ensidan ki grav, sispansyon nan lekòl, sispansyon akoutèm, sispansyon alontèm, ak/oswa ekspilzyon. Nan detèmine mezi disiplinè ki apwopriye a, administratè responsab la ka konsidere, pami lòt bagay, ansyen dosye disiplinè etidyan an. Selon enfraksyon an, yo kapab notifiye lapolis lè sa apwopriye. Nou apresye ladrès refleksyon ak restorasyon lè mal yo te fè epi nou pral travay kòm patnè ak fanmi yo pou gide elèv Match yo nan devlope ladrès sa yo.

### **Lòt Solisyon** (M.G.L. c. 71, §37H ¾ )

Nenpòt lè yon ensidan move kondwit yon etidyan rive ki pa enplike yon vyolasyon M.G.L. c. 71, §§37H oswa 37H ½, nan moman desizyon sou konsekans yo pou etidyan an, administratè responsab la dwe konsidere mwayen pou reangaje etidyan an nan pwosesis aprantisaj la. Administratè responsab la pa dwe bay yon sispansyon akoutèm oswa alontèm oswa yon ekspilzyon jiskase yo anplwaye lòt solisyon an repons dirèk pou yon ensidan espesifik oswa plizyè ensidan ak itilizasyon yo epi rezilta yo anrejistre, sof si:

- yo anrejistre yon seri rezon espesifik pou eksplike poukisa lòt solisyon sa yo pa adapte oswa yo pa pwodiktif, oswa
- lè prezans an pèmanans etidyan an nan lekòl la poze yon pwoblèm ki espesifik e anrejistre, konsènan atent blesi kòporèl grav oswa lòt domaj grav sou yon lòt moun nan lekòl la.

Lèt solisyon yo ka gen ladan yo, men pa dwe sèlman:

- medyasyon;
- rezolisyon konfli;
- jistis reparasyon; ak
- rezolisyon pwoblèm nan tèt ansanm.

Anrejistreman lèt solisyon yo dwe dekri lèt solisyon yo, rezilta efò sa yo, epi pa egzanp kilè sispansyon an sèvi, rezon ki fè lèt solisyon yo pa t ap bon oswa pa pwodiktif, oswa pwoblèm espesifik konsènan atent blesi grav oswa lèt domaj grav sou yon lèt moun pandan etidyan an lekòl la.

Mizannèv yon modèl nan tout lekòl la pou reangaje etidyan yo nan pwosesis aprantisaj la pa dwe konsidere antanke yon repons dirèk pou yon ensidan espesifik.

Malgre sa ki di anvan yo la a, Match ak retire yon etidyan nan yon kontèks ijans san li pa anplwaye lèt solisyon yo, nan yon manyè ki konfòm ak direktiv ak pwosedi sou ranvwa an ijans yo (gade, "Ranvwa an Ijans" anba a)

### **Pwosesis pou Sispansyon ak Ekspilasyon**

Eksepte nan ka de yon sipresyon (deplasman) an ijans (gade, "Sipresyon an Ijans," anba), yo pral akòde etidyan yo pwosedi kòm sadwa avan yo aplike disiplin nan, jan sa etabli anba. Pwosedi disiplinè pou elèv andikape yo pral enplike pwosedi adisyonèl jan sa endike nan Règleman sou disiplin pou elèv andikape yo.

#### *Sispansyon nan Lekòl*

Yon "sispansyon nan lekòl" se yon sipresyon de yon etidyan nan aktivite yon salklas nòmal, men se pa mete yo deyò lekòl la pou plis pase dis jou (10) jounen lekòl (konsekitif oswa akimile pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la).

Pwosedi pou yon sispansyon nan lekòl al pral konsa:

1. Administratè ki responsab la pral enfòm etidyan an chaj ki sou do l pou ofans disiplinè a, koz chaj la, epi ba etidyan an yon opòtinite pou defann li. Si administratè ki responsab la detèmine ke etidyan an te komèt ofans disiplinè a, administratè responsab la pral enfòm etidyan an de longè (vale tan) sispansyon pou etidyan nan lekòl la ap dire, sa ki pa dwe depase dis (10) jou konsekitivman oswa akimilativman nan ane eskolè a.
2. Nan menm jou yo pran desizyon pou sispansyon nan lekòl la, administratè ki responsab la pral fè efò rezonab pou enfòm paran an oralman de ofans disiplinè a, rezon ki fè yo abouti a konklizyon ke etidyan te komèt enfraksyon an, e valè tan sispansyon pou enfraksyon an ap dire. Administratè ki responsab la pral envite paran an tou nan yon reyinyon ki pral pwograme nan jou sispansyon an posib, e si l pa posib, pi bonè posib après a. Si administratè ki responsab la pa kapab lokalize paran an aprè l fin fè e dokimante omwen de (2) tantatif pou l fè sa a, tantatif sa pral konstitiye efò rezonab nan objektif pou enfòm paran an de sispansyon nan lekòl la.
3. Administratè ki responsab la pral voye avi alekri ba etidyan ak paran l konsènan sispansyon nan lekòl la, sa enkli motif la ak valè tan sispansyon nan lekòl la ap dire, epi envite paran an nan yon reyinyon si yon reyinyon pa t ko fèt. Administratè ki responsab la pral voye avi sa nan jou sispansyon an pou yo remèt li men nan men, pa lapòs sètifye, pa lapòs premye klas, imèl li nan yon adrès elektwonik paran te bay pou lekòl la kominike avè l, oswa pa yon lèt mwayen livrezon ke administratè ki responsab la ka paran apwouve.

Yon sispansyon nan lekòl ki dire plis ke dis (10) jounen lekòl (konsekitivman oswa akimilativman nan ane eskolè a) pral tonbe anba pwosedi sispansyon alon tèm yo (Gade, "Sispansyon Alon tèm," anba).

Yon etidyan yo te voye nan biwo a pou mwatye yon jounen lekòl oswa plis ke sa te resevwa yon sispansyon nan lekòl ki dwe ogmante ann akò avèk pwosedi ki detaye anba yo.

#### *Sispansyon kout tèm*

Yon “sispansyon kout tèm” siyifi sipresyon de yon etidyan nan lekòl la pou dis (10) jounen lekòl oswa mwens (konsekativman oswa akimilativman pou plizyè enfraksyon pandan ane eskolè a).

Avan yo aplike yon sispansyon kout tèm pou konduit ki pa mansyone pa M.G.L. c. 71, §§37H e 37H ½, pwosedi ki vinn ann aprè yo pral konsa:

1. Avi: Paran an ak etidyan, toulede dwe resevwa avi oral e alekri. Avi alekri a pral ekri an Anglè e lang prensipal yo pale lakay la si se yon lòt lang ki pa Anglè, epi voye l pou livrezon an fèt men nan men, pa pa lapòs premye klas, lapòs sètifye, imèl li nan yon adrès elektwonik paran te bay pou lekòl la kominike avè l, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ke lekòl la ak paran apwouve. Avi alekri sa pral gen ladan l sa ki vin an aprè yo:
  - a. ofans disiplinè a;
  - b. motif chaj la;
  - c. konsekans potansyèl la yo, sa gen ladan l longè potansyèl sispansyon pou etidyan an;
  - d. opòtinite pou etidyan an genyen yon chita tandè ak administratè ki responsab la konsènan sispansyon ki pwopoze a, sa gen ladan l opòtinite pou l diskite chaj yo epi prezante espikasyon etidyan an de prezime ensidan an, e pou paran asiste odyans lan;
  - e. dat la, lè, ak andwa odyans lan; e
  - f. dwa etidyan an ak paran genyen pou yo jwenn sèvis entèpretasyon nan odyans lan si nesèsè.
2. Efò pou Envolikre Paran: Administratè ki Responsab la pral fè efò rezonab pou enfòmè paran yo de opòtinite pou yo asiste odyans lan. Administratè Responsab la dwe pwouve ke administratè responsab la te voye yon avi alekri e li te fè omwen de (2) tantativ pou kontakte paran an atravè yon mwayen espesifik paran an bay pou kontakte paran an ka ta gen yon ijans. fè odyans lan san prezans paran yo.
3. Fòm Odyans lan: Administratè ki Responsab pral diskite ofans disiplinè a, motif chaj la, e nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan. Etidyan ak paran an, si l prezan, pral gen yon opòtinite pou l prezante enfòmasyon an, sa gen ladan l reyalyte modere yo, ke administratè ki responsab la ta dwe konsidere nan detèmine konsekans yo pou etidyan an.
4. Desizyon: Ofisyè responsab la ap voye yon avi alekri bay elèv la ak paran yo sou detèminasyon administratè responsab la ak rezon ki fè li, epi, si yo sispann elèv la, nati ak dire sispansyon an.. Avi detèminasyon an kapab nan fòm de yon mizajou de avi e odyans alekri orijinèl la. Si etidyan an nan preskolè oswa nan klas k-3, administratè ki responsab la dwe voye yon kopi detèminasyon alekri a bay Direktè Egzekitif lan epi eksplike rezon yo pou enpozisyon yon sispansyon an deyò lekòl la avan sispansyon sa rantre an vigè.

#### *Sispansyon Alon Tèm epi Ekspilsyon*

Yon “sispansyon alon tèm” define tankou yon sispansyon, ke seswa nan lekòl la oswa andeyò lekòl, pou plis ke dis (10) jou lekòl (konsekativman oswa akimilativman pou divès ofans disiplinè pandan ane eskolè a). Okenn sispansyon alon tèm pou okenn rezon pa dwe pwolonje pi lwen ke fen ane eskolè a kote sispansyon sa enpoze.

Yon “ekspilsyon” defini tankou sipresyon pèmanan de yon etidyan de lokal lekòl la yo, de aktivite nòminal salklas la yo, e de aktivite eskolè yo.

Posesyon Dwòg oswa Zam, oswa Agresyon (M.G.L. c. 71, §37H)

Anba M.G.L. c. 71, §37H, Direktè a kapab sispansyos oswa ekspilse yon etidyan anba nenpòt nan sikonstans ki vin an aprè yo:

- Posesyon yon pwodui kontwole, sa enkli, men pa limite a sa, marigwana, kokayin, e eroyin, ak kèk preskripsyon medikaman.
- Posesyon yon zam danjere,<sup>1</sup> sa enkli yon revòlvè oswa yon kouto
- Agrese yon direktè, asitan direktè, pwofesè, asistan pwofesè, oswa lòt pèsonèl edikatif

Lè y ap konsidere ekspilasyon pou ofans sa yo, administratè ki responsab la kapab plase yon etidyan nan sispansyon akou tèm (dis jou oswa mwens) sou baz yon odyans enfòmèl, ki dwe suiv pa yon odyans fòmèl avan Direktè a nan peryòd sispansyon sa a pou detèmine si wi oswa non yo dwe poze aksyon disiplinèl adisyonèl, e sa enkli jiska ekspilasyon de lekòl la.

1. Odyans Enfòmèl. Odyans enfòmèl pral nan fòm a yon konferans ant etidyan an e administratè ki responsab la. Nan konferans sa a, etidyan an (1) dwe enfòmè de motif konferans lan, (2) yo dwe bay opòtinite pou prezante pati etidyan an nan istwa a, epi (3) dwe bay yon desizyon sou sispansyon an. Si Direktè a estime retade odyans lan nesèsè pou evite danje oswa entèripsyon, pwosesis sa a kapab tabli imedyatman aprè, olye ke se avan, sispansyon an.
2. Efè pou Envolikre Paran yo. Avan pou mete yon sispansyon an vigè, Direktè a dwe fè efò rezonab pou enfòmè paran etidyan an de sispansyon k ap frape l la pa dokimante ke Direktè a te voye avi alekri e li te fè omwen de (2) tantatif pou kontakte paran an nan yon mwayen espesifik ke paran te founi pou kontakte l nan ka ijans.
3. Odyans Fòmèl. Administratè ki responsab la dwe founi avi alekri a etidyan e paran yo, nan lang matènèl paran an, de yon odyans fòmèl avan Direktè a, sa ki pral fèt avan yon sispansyon ki dire plis ke dis (10) jou nan longè (konsekutivman oswa akimilativman pou divès enfraksyon pandan ane eskolè a). Avi a pral gen ladan l akizasyon ak deklarasyon evidans yo, dat la, lè ak andwa odyans lan, ak avi de dwa etidyan genyen pou l reprezante pa yon avoka (se etidyan k ap peye) oswa lòt moun layik, prezante evidans, e entèwoje temwen yo. Lekòl la pral anrejistre odyans lan e yon kopi de odyans sa pral disponib pou etidyan si sa entèrese l.
4. Desizyon. Aprè odyans fòmèl la, Direktè a kapab, nan diskresyon Direktè a, deside sispansyon olye ke l ekspilse yon etidyan ke yo te detèmine ki te komèt ofans disiplinèl a. Desizyon an dwe kouche pa ekri epi voye ba paran ak etidyan an.

Jan M.G.L. c. 71, §37H egzije sa, tèks lejislatif ki vin an aprè a bay:

(a) Nenpòt etidyan yo jwenn nan lokal lekòl la yo oswa nan yon evènman lekòl la patwosine oswa ki relasyon ak lekòl, sa enkli jwèt atletik, nan posesyon de yon zam danjere, sa enkli, men li pa limite a sa, yon revòlvè oswa yon kouto; oswa yon pwodui kontwole jan sa define nan chapit katreven katòz C, sa enkli, men pa limite a, marigwana, kokayin, ak eroyin, kapab resevwa kòm rezilta ekspilasyon nan lekòl la oswa distri lekòl la pa direktè a.

---

<sup>1</sup> Sa a pa sèlman enkli kouto ak revòlvè, aparèy eksplozif e repwodikasyon idantik de zam/aparèy sa yo, men tou lòt objè yo itilize pou agrese yon lòt moun oswa otreman kreye yon sitiyo danjere, tankou yon baton bizbòl, yon pè sizo, alimèt oswa yon briki. Pandan ke tout objè sa yo pa toujou konstitiye “zam danjere,” administratè e pwofesyonèl edikatif yo pral revize sikonstans chak ka e pran yon desizyon rezonab konsènan si wi oswa non yon objè patikilye yon etidyan posede konstitiye yon zam danjere nan anviwònman lekòl la. Yo pral remèt Depatman Polis la nenpòt zam ilegal. Nenpòt etidyan ki pote yon zam lekòl la pral ekspilse pou yon minimòm de yon ane eskolè, avèk eksepsyon ki akòde sèlman pa Direktè Akademik lan. (Definisyon de yon zam afe enkli men li pa sèlman limite a revòlvè (sa enkli yon revòlvè pou kòmanse), bonm, grenad, wòkèk, misil, min e aparèy similè yo.)

(b) Nenpòt etidyan ki agrese yon direktè, asistan direktè, pwofesè, asistan pwofesè oswa lòt pèsònèl edikatif oubyen nan yon evènman lekòl la patwosine oswa evènman ki relasyon ak lekòl, sa enkli jwèt atletik, kapab pasib de ekspilasyon nan lekòl oswa distri lekòl pa direktè a.

(c) Nenpòt etidyan ki akize de yon vyolasyon swa paragraph (a) oswa (b) dwe enfòmè alekri de yon opòtinite pou yon odyans; sepandan, ki fè konnen ke etidyan an kapab gen yon reprezantasyon, ansanm ak opòtinite pou prezante evidans ak temwen nan odyans sa devan direktè a. Aprè odyans sa a, yon direktè kapab, jan l vle, deside sispansyon olye ke l ekspilse yon etidyan ke direktè a te detèmine ki te vyole swa paragaf (a) oswa (b).

Konviksyon oswa Chaj de yon Krim (M.G.L. c. 71, §37H ½)

Anba M.G.L. c. 71, §37H ½, yon etidyan kapab ekspilse lefèt ke l kondane oswa yo twouve l koupab (pa admisyon oswa adjidikasyon) de yon krim oswa krim delankan, oubyen nan sispansyon lefèt ke yo akize l pou yon krim oswa krim delekan, si Direktè a te detèmine ke prezans kontinyèl etidyan an nan lekòl ta va genyen yon efè prejizisyè konsiderab sou byennèt jeneral Match.

Avan yon ekspilasyon oswa sispansyon regularize pa dispozisyon sa a ki rantrè an vigè, etidyan an dwe resevwa notifikasyon alekri de akizasyon yo e rezon ki fè yo sispansyon li oswa ekspilse l. Etidyan an dwe tou resevwa notifikasyon alekri de dwa li genyen pou konteste e pwosedi ki egzije, byenke sispansyon oswa ekspilasyon an pral rete an vigè avan nenpòt odyans kontestasyon. (Gade, "Kontestasyon," anba).

Nenpòt Lòt Ofans Disiplinè (M.G.L. c. 71, §37H ¾)

Yon etidyan kapab resevwa yon sispansyon alon tèm pou lòt vyolasyon lwa ak règleman Match yo, sa depann de administratè ki responsab la aprè konsiderasyon fòm altènativ disiplin yo. Sispansyon nan sikonstans sa yo pa pral depase yon total de 90 jounen lekòl nan yon sèl ane eskolè.

Avan yon etidyan resevwa yon sispansyon alon tèm pou yon ofans ki pa regularize pa M.G.L. c. 71, §§37H e 37H ½, an plis de pwosedi e dwa detaye pou yon odyans sispansyon akou tèm (gade, "Sispansyon Akou Tèm," anwo), pwosedi ki vin an aprè yo aplikab:

1. Dwa etidyan yo genyen avan odyans disiplinè a:
  - a. Opòtinite pou revize dosye etidyan an ak dokiman yo sou yo administratè ki responsab la kapab apiye nan pran yon desizyon disiplinè avan menm odyans lan;
  - b. dwa pou l reprezante pa yon konseye oswa yon moun layik ke etidyan chwazi, se etidyan/paran etidyan k ap eye;
  - c. dwa pou prezante temwen sou non elèv la epi prezante eksplikasyon elèv la sou swadizan ensidan an, men yo pa kapab fòse etidyan pou l fè sa a;
  - d. dwa pou egzamine temwen temwen match prezante yo; e
  - e. dwa pou l mande ke odyans anrejistre pa administratè si responsab la, epi jwenn yon kopi de anrejistremman odyo a sou demann, nan ka sa a administratè ki responsab la pral enfòmè tout patisipan yo ke yon anrejistremman odyo pral fèt.
2. Rezolisyon alekri a ki vin aprè odyans disiplinè a dwe:
  - a. Idantifye ofans disiplinè a, dat odyans lan te fèt la, e patisipan nan odyans lan;
  - b. Ekspoze reyalyte prensipal yo e a ki konklizyon yo abouti;
  - c. Idantifye longè ak dat sispansyon an, menm jan tou ak dat pou l retounen lekòl la;
  - d. enkli avi opòtinite etidyan genyen pou l resevwa sèvis edikatif pou l fè pwogrè akademik pandan peryòd sipresyon nan lekòl la; e
  - e. enfòmè l de dwa l genyen pou l konteste desizyon administratè ki responsab la ba Direktè Egzekitif lan, pwosedi a mande pou solisite yon kontestasyon (gade, "Kontestasyon," anba), e ke sispansyon alon tèm lan pral rete an vigè jiskaske e amwens ke Direktè Egzekitif lan deside revoke desizyon

administratè ki responsab la. Avi de dwa kontestasyon an pral redije nan lang Anglè ak nan lang prensipal yo pale nan kay la si se pa Anglè.

### **Sipresyon an Ijans**

Byenke dispozisyon pou sispansyon akoutèm nan, sispansyon alontèm nan, ak ekspilsyon jan sa etabli anwo a, yon etidyan ki gen yon chaj ofans disiplinè selon M.G.L. c. 71, §37H ¼ kapab ranvwaye lekòl la tanporèman si prezans etidyan an kontinye reprezante yon danje pou moun oswa pwopriyete yo, oswa entèwonp materyèlman e sibstansyèlman lòd lekòl la, e, nan je administratè ki responsab la, pa gen lòt altènatif disponib pou aleje danje a oswa entèripsyon an.

Administratè ki responsab la pral enfòmè Direktè Egzekitif lan imedyatman alekri de sipresyon an ak rezon sipresyon an epi dekri danje oswa deranjman etidyan koze avan yo voye etidyan lakay li.

Sipresyon tanporè pa pral depase de (2) jounen lekòl aprè jou sipresyon an ijans lan, pandan tan sa a administratè ki responsab la pral founi sa ki vin an aprè yo, jan sa aplikab pou dire sispansyon an:

fè efò imedya e rezonab pou enfòmè etidyan e paran etidyan oralman de sipresyon an ijans lan, motif ki alabaz sipresyon an ijans lan, epi detay de ensidan an ki egzije pou yo enkli yo nan avi alekri a (gade atik 2, anba);

1. bay etidyan ak paran l avi alekri ki genyen enfòmasyon nesèsè anba “Sispansyon Akou Tèm” oswa “Sispansyon Alon Tèm” anwo (sa depan de konsekans potansyèl la;
2. bay etidyan yon opòtinite pou l gen yon odyans avèk administratè ki responsab la, e paran an yon opòtinite pou l asiste odyans lan, avan de (2) jou lekòl yo ekspire, amwen ke administratè ki responsab, etidyan, paran ta va agreye pwolongasyon delè a; e
3. rann yon desizyon oralman nan menm jou odyans lan, e alekri pa pi ta ke jou lekòl ki vin an aprè a.
4. yon administratè ki responsab kapab pa siprime yon etidyan nan lekòl la nan ka yon ijans pou yon ofans disiplinè jiskaske dispozisyon adekwa te pran pou sekirite e transpò etidyan.

### **Kontestasyon**

#### *Posesyon Dwòg oswa yon Zam, oswa Agresyon (M.G.L. c. 71, §37H)*

Yon etidyan kit e ekspilse nan Match pou posesyon de yon pwodui kontwòle, pou posesyon de yon zam danjere, oswa agresyon pèsònèl edikatif la dwe genyen dwa pou l konteste devan Direktè Egzekitif lan. Elèv ekspilse a ap gen 10 jou apati dat ekspilsyon an pou notifiye Direktè Egzekitif la, alekri, sou apèl elèv la. Nan odyans apèl la, elèv la ap gen dwa prezante temwayaj oral ak ekri nan non elèv la, ak dwa pou kenbe yon avoka, sou pwòp depans elèv la. Direktè Egzekitif lan dwe ran yon desizyon sou kontestasyon an sa ki dwe desizyon final lekòl la.

Jan M.G.L. c. 71 §37H egzije sa, yo bay tèks reglemantè ki vin an aprè a: Nenpòt etidyan kit e ekspilse de yon distri eskolè an konfòmite avèk dispozisyon say o dwe genyen dwa pou l konteste sipèntandan an. Etidyan ki ekspilse a dwe genyen dis jou apati de dat ekspilsyon an kote yo enfòmè sipèntandan de kontestasyon l lan. Etidyan gen dwa pou l pran yon avoka nan yon odyans devan sipèntandan. Motif kontestasyon an pa dwe limite sèlman a yon detèminasyon de reyalite yo s iwi oswa non etidyan te vyole nenpòt dispozisyon nan seksyon sa a.

#### *Kondansyon oswa Chaj nan yon Krim (M.G.L. c. 71, §37H ½)*

Yon etidyan kit e ekspilse paske l te kondane oswa yo te jwenn li koupab de yon krim oswa te sispann paske l te akize de yon krim, e Direktè a te detèmine ke prezans kontinyèl etidyan an ta va genyen yon efè konsiderableman prejidisyab sou byennèt jeneral Match gen dwa fè apèl a ekspilsyon an devan Direktè Egzekitif lan. Elèv ekspilse a ap gen senk (5) jou apre dat ekspilsyon an pou notifiye Direktè Egzekitif la sou demann elèv la pou yon apèl. Direktè Egzekitif la dwe fè odyans lan ak elèv la ak paran elèv la nan twa (3) jou almannak apre demann lan. Nan odyans apèl



la, elèv la ap gen dwa prezante temwayaj oral ak ekri nan non elèv la, ak dwa pou jwenn konsèy sou pwòp depans elèv la. Direktè Egzekitif lan pral rann yon desizyon nan senk (5) jou kalandriye de odyans lan sa kid we desizyon final lekòl la.

*Nenpòt Lòt Ofans Disiplinè (M.G.L. c. 71, §37H ¾)*

Nenpòt etidyan kit e resevwa yon sispansyon alon tèm pou nenpòt lòt vyolasyon ke sa ki etabli nan M.G.L. c. 71 §§ 37H or 37H ½ yo, gen dwa pou l konteste sispansyon an devan Direktè Egzekitif lan lè l bay yon avi alekri nan senk (5) jou ki vini aprè dat sispansyon an. Direktè Egzekitif lan we fè odyans lan nan twa (3) jou aprè etidyan fin fè demann lan, amwen ke etidyan oswa paran mande yon ekstansyon jiska sèt (7) jou kalandriye adisyonèl. Si kontestasyon an pa depoze nan delè sa a, Direktè Egzekitif la ka refize kontestasyon an, oswa li ka pèmèt kontestasyon an nan diskresyon Direktè Egzekitif la, pou yon bon rezon. Kondisyon sa yo aplike:

1. Direktè Egzekitif lan pral fè efò de bòn volonte pou enkli paran an nan odyans lan lè l eseye fè odyans yon jou ak lè k ap pèmèt etidyan ak paran patisipe. Direktè Egzekitif lan pral voye yon avi alekri bay paran de dat la, lè a, epi andwa kote odyan lan pral fèt la.
2. Direktè Akamedik lan pral reyalize yon odyans pou detèmine si iwi oswa non etidyan an te komèt ofans disiplinè a de sa ke yo akize etidyan, e si se konsa, ki konsekans sa pral genyen. Direktè Egzekitif lan pral fè aranjman pou yon anrejistreman odyo de odyans lan, si etidyan oswa paran mande, yon pral ba yo yon kopi de anrejistreman odyo a, epi enfòmè tout patisipan yo ke odyans la nap anrejistre.
3. Dwa yo bay etidyan ki nan odyans ak administrate ki responsab pral disponib pou etidyan an nan odyans kontestasyon an la (gade, "Sispansyon Alon Tèm," anwo a).
4. Direktè Egzekitif lan pral soumèt yon desizyon alekri nan senk (5) jou kalandriye odyans lan ki ranpli kondisyon rekiz yo pou yon sispansyon alon tèm (gade, "Sispansyon Alon Tèm," anwo a). si Direktè Egzekitif lan detèmine ke etidyan te komèt yon ofans disiplinè, Direktè Egzekitif lan kapab enpoze menm oswa konsekans ki pi piti a ke administrate ki responsab la, men li pa pral enpoze yon pi gwo sispansyon pase sa administrate ki responsab la enpoze a.

Desizyon Direktè Egzekitif lan konstitiye desizyon final Match.

### **Kontinyasyon Sèvis Edikatif yo ak Plan Sèvis Edikatif Match**

Pandan ke etidyan anba yon sispansyon nan lekòl la, yon sispansyon akou tèm, yon sispansyon alon tèm, oswa ekspilsyon, etidyan pral gen opòtinite fè pwogrè akademik. Direktè oswa administratè ki responsab la pral enfòmè etidyan ak paran l de opòtinite sa a alekri nenpòt lè yon sispansyon oswa ekspilsyon enpoze. Yo pral bay elèv yo yon opòtinite pou yo touche kredi, jan sa aplikab, epi fè devwa, tès, papyè, ak lòt travay lekòl yo jan sa nesesè pou fè pwogrè akademik pandan peryòd elèv la retire nan salklas la. Etidyan ak paran yo pral notifiye alekri de opòtinite sa a, nan lang Anglè e nan lang prensipal ki pale lakay etidyan an si se pa Anglè, nenpòt lè yon sispansyon oswa ekspilsyon enpoze.

Pou etidyan ki sispann pou plis pase dis (10) jou konsekitif oswa ki ekspilse, Match te devlope yon Plan Sèvis Edikatif pou tout Lekòl la. Plan Sèvis Edikatif Match la kapab chanje, e kapab enkli, men li pa limite a sa, leson patikilye, plasman altènatif, lekòl jou Samdi, e sou entènèt oswa aprantisaj a distans. Match dwe voye yon lis de sèvis edikatif altènatif yo ba etidyan ak paran etidyan yo ki ekspilse oswa ki te resevwa yon sispansyon alon tèm pou plis pase dis (10) jou konsekitif. Match dwe pwouve enskripsyon chak etidyan sa yo ki disponib yo ba etidyan ak enfòmasyon kontak ba yon anplwaye Match ki kapab founi enfòmasyon adisyonèl.

Si retrè etidyan nan Match e/oswa deplase ale nan yon lòt lekòl pandan peryòd sispansyon oswa ekspilsyon an, nouvo lekòl la oswa distri de rezidans lan we swa admèt etidyan an nan lekòl yo a oswa founi sèvis edikatif ba etidyan an anba nouvo plan sèvis edikatif distri oswa eskolè a.



Jan M.G.L. c. 71 §37H egzije sa, yo bay tèks reglemantè ki vin an aprè a: Nenpòt distri lekòl ki sispann oswa ekspilse yon etidyan anba seksyon sa a dwe kontinye founi sèvis edikatif ba etidyan an pandan peryòd sispansyon oswa ekspilasyon an, anba seksyon 21 chapit 76. Si etidyan an deplase ale nan yon lòt distri pandan peryòd sispansyon oswa ekspilasyon an, nouvo distri rezidans li an dwe swa admèt etidyan an nan lekòl yo a oswa founi etidyan sèvis edikatif nan yon plan sèvis edikatif, anba seksyon 21 chapit 76.

### **Rekonpilasyon Done e Prezantasyon Rapò**

Match dwe rekolekte epi rapòte done chak ane ba Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè konsènan jan l disiplin etidyan l yo jan sa egzije. Administratè responsab la dwe revize done disiplinè yo detanzantan (ki gen ladan sispansyon nan lekòl la, sispansyon kout ak alontèm, ekspilasyon, ak ranvwa ijans) lè li chwazi popilasyon elèv yo, tankou ras, gwoup etnik, sèks, sitiyasyon sosyoekonomik, aprann lang angle sitiyasyon, ak elèv ki gen yon andikap. Administratè ki responsab la pral evalye dimansyon ak enpak konsekans disiplinè espesifik yo sou popilasyon etidyan yo, e detèmine s iwi oswa non li apwopriye pou modifiye Pratik disiplinè yo.

Jan M.G.L. c. 71 §37H egzije sa, yo bay tèks reglemantè ki vin an aprè a:

1. Distri yo dwe rapò ba depatman edikasyon elemantè e segondè a rezon espesifik pou tout sispansyon ak ekspilasyon yo, endepandaman de dirasyon oswa kalite, nan yon mwayen e fòm delege a etabli. Depatman edikasyon elemantè e segondè dwe itilize enstriman rekoleksyon done li genyen pou l obteni enfòmasyon sa a nan men distri yo e li dwe modifiye enstriman say o, si nesèsè, pou l obteni enfòmasyon an. Chak ane, depatman edikasyon elemantè e segondè a dwe a nivo distri mete done ak analiz yo sou fòm anonym, sa enkli kantite jou an total chak etidyan ekskli pandan ane eskolè a, disponib sou entènèt pou piblik la nan fòm lizib pou aparèy yo. Rapò sa a dwe gen ladan l done detaye onivo distri a pa kondisyon e kategori etidyan yo delege a etabli.
2. Anba reglemantasyon depatman pwomilge, pou chak lekòl ki sispann oswa ekspilse yon kantite etidyan konsiderab pou plis pase 10 jou akimile nan yon ane eskolè, delege a dwe envestige epi, jan sa apwopriye, li ta dwe rekòmande modèl entèmedyè ki enkòpore etap yo avan aplikasyon sispansyon oswa ekspilasyon an. Rezilta analiz yo ta dwe a dispozisyon piblik la onivo distri eskolè a.